

Pwen Daksè Inik pou Timoun nan

KONSANTMAN KI OBLIGATWA POU DIVILGASYON ENFÒMASYON

Pasyan an (timoun nan) oswa reprezantan pèsonèl li a dwe egzaminen ak siyen fòm sa a. Si pasyan an gen mwens pase laj 18 lane, paran an (oswa responsab legal) pasyan an dwe egzaminen ak siyen fòm sa a. Fòm sa a pèmèt yo itilize ak divilge enfòmasyon sante, enfòmasyon sou tretman pou abi sibstans ak enfòmasyon ou sante mantal pou objektif planifikasyon, kowòdinasyon swen ak livrezon sèvis pou timoun yo refere pou sèvis sante mantal entansif. Yon fòm separe obligatwa pou itilize oswa divilge enfòmasyon konfidansyèl ki gen rapò ak VIH.

Moun ke yo ka itilize oswa pataje enfòmasyon yo a:

Non Timoun nan: _____

Dat Nesans: _____

(Ki dekri nan dokiman sa a sou non "pitit mwen an" oswa "pitit ou a")

PATI 1: Konsantman ki Obligatwa Pou Divilgasyon Enfòmasyon

A. Deskripsyon Enfòmasyon pou Itilize oswa Pataje yo:

Enfòmasyon konsènan pitit mwen an ke yo pral itilize oswa pataje yo gen ladann: aplikasyon Pwen Daksè Inik pou Timoun nan (Children's Single Point of Access, CSPOA), evalyasyon edikatif, medikal ak tretman pou abi sibstans, ak evalyasyon sante mantal, ki gen ladan: evalyasyon sokyatrik ak sikolojik, evalyasyon sikososyal, rapò sou egzeyat, tout done klinik ki enpòtan ak lòt: _____.

Nan dokiman sa a mwen otorize sous referans pitit mwen an pou li pataje aplikasyon CSPOA a ak tout enfòmasyon konfidansyèl yo (ki gen ladann enfòmasyon sou sante mantal pitit mwen an, evalyasyon sokyatrik ak sikososyal, tretman pou abi sibstans ak enfòmasyon medikal) bay Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante a) atravè pwogram CSPOA Vil New York (NYC). Nan dokiman sa a mwen otorize CSPOA Depatman Sante a pou li itilize ak pataje enfòmasyon sa yo pou detèmine elijibilite ak aktivite kowòdinasyon swen pou pitit mwen an.

B. Objektif ak Nesesite pou Enfòmasyon: Yo te refere pitit ou a pou sèvis sante mantal entansif. CSPOA detèmine elijibilite ak aktivite kowòdinasyon swen pou timoun ki bezwen sèvis sante mantal entansif. Yon espesyalis CSPOA dwe egzaminen enfòmasyon ki nan aplikasyon an ak lòt enfòmasyon ki dekri anwo yo yon fason pou yo ka founi pitit ou a sèvis ki apwopriye yo.

C. Ou otorize CSPOA pou li pataje enfòmasyon pitit ou a ak moun nan (yo), òganizasyon an (yo), etablisman an (yo) oswa pwogram sa a (yo) ak pou li itilize enfòmasyon pitit ou a jan sa dekri annapre a:

Pou detèmine elijibilite ak aktivite kowòdinasyon swen pou pitit ou a, yon espesyalis CSPOA pral:

- kontakte w, anplis sous referans lan, ansam ak moun ki konplete evalyasyon yo, pou li diskite sou tretman pou pitit ou a; ak
- pataje enfòmasyon ki dekri anwo yo avèk divès ajans ak òganizasyon ki gen kontra ak Biwo Sante Mantal NYC a, Depatman Sante NYC a, Depatman Sante Eta oswa Health Homes Servicing Children (ki gen ladan Health Home Care Management) pou fè rekòmandasyon pou pwogram ki apwopriye a pou enskripsiyon potansyèl pou sèvis sante mantal entansif yo. Ajans ak òganizasyon ki ka resevwa enfòmasyon pitit ou a gen sa yo ladann: ajans jesyon swen, pwofesyonèl swen pou Non-Medicaid Care Coordination, responsab swen Health Home Care Management yo. Anplis de sa, ou konprann ke ou ka bay ak diskite sou referans yo ak ajans oswa pwogram sa yo: Biwo pou Moun ki gen Andikap Developman, Family Resource Center a, Intensive Crisis Stabilization and Treatment, Home-Based Crisis Intervention, Functional Family Therapy (FFT), Biwo

Pwen Daksè Inik pou Timoun nan

Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi, Depatman Sèvis Sosyal Lokal la ak Pre-Admission Certified Committee a; ak

- verifye Medicaid Analytics Performance Portal (MAPP) la pou detèmine enskripyon pitit ou a nan pwogram nan.

D. Dwa Mwen yo: Mwen konprann ke:

1. Se sèlman enfòmasyon sa yo ke yo ka itilize ak divilge akoz konsantman sa a.
2. Enfòmasyon sa yo konfidansyèl e yo pa ka divilge yo legalman san pèmisyon m.
3. Si yo divilge enfòmasyon sa yo bay yon moun ki pa gen obligasyon pou konfòme l ak règleman federal sou pwoteksyon konfidansyalite yo, alòs yo ka divilge l ankò e li p ap pwoteje ankò.
4. Se dwa m pou mwen revoke (anile) konsantman sa a nenpòt ki lè. Anilasyon konsantman sa a dwe fèt alekri nan fòm CSPOA NYC te ban mwen an. Mwen konnen ke anilasyon konsantman an p ap aplike si moun oswa òganizasyon mwen te bay otorizasyon pou itilize ak divilge enfòmasyon sante pitit mwen an te deja pran mezi akoz premye konsantman mwen an. Pou m anile konsantman mwen an, m ap ekri CSPOA NYC a nan:

NYC Children's Single Point of Access
 New York City Department of Health and Mental Hygiene
 Bureau of Children, Youth and Families
 42-09 28th St.
 Long Island City, NY 11101

5. Mwen pa oblige siyen konsantman sa a epi si mwen refize siyen l sa p ap afekte kapasite m oswa kapasite pitit mwen an pou jwenn sèvis nan men Biwo Sante Mantal Eta new York la ki gen ladann: Community Residence, Health Home Care Management and Non-Medicaid Care Coordination; ni yo p ap afekte elijibilite m oswa elijibilite pitit mwen an pou avantaj yo.
6. Se dwa m pou mwen egzaminen ak kopye enfòmasyon sante pitit mwen an pou yo itilize ak divilge yo dapre egzijans règleman federal sou pwoteksyon vi prive yo jwenn anba 45 CFR§164.524 yo.
7. Mwen konprann ke konsantman sa a ap ekspire lè pitit mwen an p ap resevwa youn nan sèvis sante mantal entansif yo ankò.

E. Itilizasyon ak Divilgasyon Peryodik:

Nan dokiman sa a, mwen otorize itilizasyon ak divilgasyon peryodik enfòmasyon ki dekri anwo yo bay moun nan, òganizasyon, etablisman oswa pwogram ki idantifye anwo yo jan sa nesesè pou reyalize objektif ki dekri anwo a.

Pwen Daksè Inik pou Timoun nan

PATI 2: Siyati

Siyati Pasyan an: Mwen sètifye ke mwen otorize itilizasyon enfòmasyon medikal ak sante mantal pitit mwen an jan sa endike nan dokiman sa a.

Siyati Pasyan an (oswa Reprezantan lalwa otorize a)

Dat _____

Non Pasyan an (Ekri ak Lèt Detache)

Si se Reprezantan ki siyen, Non Reprezantan (oswa non Paran oswa Responsab Legal la) (Ekri ak Lèt Detache)

Si se Reprezantan ki siyen, dekri otorizasyon Reprezantan genyen pou li siyen nan non Pasyan an (pa egzanp, mete "paran" si Reprezantan se paran pasyan ki minè a)

F. Deklarasyon ak Siyati Temwen an: Mwen te temwen egzekisyon konsantman sa a e mwen deklare ke yo te bay pasyan an oswa reprezantan pèsonèl pasyan an yon kopi siyen konsantman an.

TEMWEN AN SE:

Non ak Tit Manm Estaf la

Konsantman yo Bay:

Non Pasyan an

Dat:

Pou etablisman an ranpli:

Siyati Manm Estaf K ap Itilize ak Divilge Enfòmasyon an

Tit

Dat Divilgasyon

Avi - Entèdiksyon pou re-divilge anrejistrement sou tretman pou abi sibstans:

Avi sa a konsène divilgasyon enfòmasyon ki gen rapò ak tretman yon pasyan pou abi sibstans, ki fèt pou ou ak konsantman pasyan sa oswa reprezantan pèsonèl pasyan an. Yo te divilge enfòmasyon sa a, dosye sou tretman pou abi sibstans, ba ou apati dosye pwoteje anba règleman Federal sou konfidansyalite (42 CFR Part 2) yo ak Lwa sou Pòtabilité ak Responsabilite nan Zafè Asirans Sante (HIPAA) a. Règleman Federal yo entèdi pou yo divilge nenpòt enfòmasyon sa yo bay òganizasyon ki pa dekri nan Pati 1 ki anwo a, sof si moun ki konsène a fòmèlman otorize pou yo divilge enfòmasyon siplementè osinon jan 42 CFR Part 2 a pèmèt sa. Yon konsantman jeneral pou divilgasyon

Pwen Daksè Inik pou Timoun nan

enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon PA ase pou objektif sa a. Règleman federal yo entèdi nenpòt itilizasyon enfòmasyon sa yo nan kad ankèt kriminèl oswa pou pouswiv nan tribunal nenpòt pasyan pou abi alkòl oswa dwòg.

PATI 3: Anilasyon Konsantman pou Divilge Enfòmasyon

Nan dokiman sa a, mwen revoke otorizasyon m pou itilize ak divilge enfòmasyon ki endike nan **Pati 1** an, bay moun, òganizayon, etablisman oswa pwogram ki gen non yo ak adrès yo la:

Nan dokiman sa a, mwen refize bay konsantman m pou itilize ak divilge sa ki endike nan **Pati 1** an, bay moun, òganizayon, etablisman oswa pwogram ki gen non yo ak adrès yo la:

Siyati Pasyan an (oswa Reprezantan lalwa otorize a)

Dat

Non Pasyan an (Ekri ak Lèt Detache)

Si se Reprezantan ki siyen, Non Reprezantan (oswa non Paran oswa Responsab Legal la) (Ekri ak Lèt Detache)

Si se Reprezantan ki siyen, dekri otorizasyon Reprezantan genyen pou li siyen nan non Pasyan an (pa egzanp, mete "paran" si Reprezantan se paran pasyan ki minè a)

Pwen Daksè Inik pou Timoun nan

Kesyon CSPOA sou Enfòmasyon Pasyan ak Konsantman pou Pataje yo

1. Kijan pwofesyonèl swen sante nan CSPOA yo itilize enfòmasyon mwen yo?

Si ou dakò, pwofesyonèl swen sante CSPOA yo pral itilize enfòmasyon sante w yo pou:

- Kowòdone swen sante ptit ou a ak jere swen ptit ou a
- Verifye si ou gen asirans sante e konbyen ou peye pou li
- Etidye ak amelyore swen sante pou pasyan yo

Chwa ou fè a PA pèmèt konpayi asirans yo wè enfòmasyon w yo pou yo deside si y ap ba ou oswa si yo p ap ba ou asirans sante oswa peye fakti w yo.

2. Ki kote enfòmasyon sante mwen yo soti?

Enfòmasyon sante w yo soti nan kote ak nan men moun ki te ba ou swen sante oswa asirans sante anvan sa. Sa yo ka gen ladan yo lopital, doktè, famasi, laboratwa, plan sante (konpayi asirans), pwogram Medicaid la ak lòt gwoup ki pataje enfòmasyon sante. Pou jwenn yon lis enfòmasyon ki disponib nan PSYCKES, ale sou sitwèb PSYCKES la nan www.psyckes.org epi gade nan seksyon "About PSYCKES" (Konsènan PSYCKES) la oswa mande pwofesyonèl swen sante k ap trete w la pou li enprime lis la pou ou.

3. Ki lwa ak règleman ki kouvri fason yo ka pataje enfòmasyon sante mwen yo?

Lwa ak règleman sa yo gen ladan yo Seksyon 33.13 nan Lwa New York sou Ijyèn Mantal, Atik 27-F nan Lwa New York sou Sante Biblik la, ak règleman konfidansyèl federal yo, ki gen ladan 42 CFR Part 2 ak 45 CFR Parts 160 ak 164 (ki se règleman yo rele "Lwa sou Pòtabilitè ak Responsabilite nan Zafè Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA)").

4. Si mwen dakò, kiyès ki ka jwenn ak wè enfòmasyon mwen yo?

Sèl moun ki ka wè enfòmasyon sante w yo se moun ou dakò ki ka jwenn ak wè yo, tankou doktè ak lòt moun ki travay pou CSPOA a ak moun ki enplike nan swen sante ptit ou a ak moun ki travay pou yon pwofesyonèl swen nan CSPOA k ap bay ptit ou a swen pou ede yo verifye asirans sante ptit ou a oswa pou etidye ak amelyore swen tout pasyan yo.

5. E si yon moun itilize enfòmasyon mwen yo epi mwen pa dakò kite yo itilize !?

Si ou panse yon moun te itilize enfòmasyon ptit ou a e ou pat dakò bay moun sa a enfòmasyon ptit ou a, ou ka rele youn nan pwofesyonèl swen sante ou te bay pèmisyon pou gade dosye w yo, CSPOA a nan 347-396-7205, Biwo Pwokirè Etazini an nan 212-637-2800 oswa Relasyon Kliyan nan Biwo Sante Mantal Eta New York la nan 800-597-8481.

6. Konbyen tan konsantman mwen an dire?

Konsantman w lan ap valab jiska jou ou anile konsantman w lan, si CSPOA a kanpe oswa twazan apre dènye dat sèvis nan CSPOA a, kèlkeswa dat ki vini anvan.

7. E si mwen chanje lide m apre epi mwen vle anile konsantman m?

Ou ka anile konsantman w nenpòt ki lè, lè ou siyen yon Fòm pou Anilasyon Konsantman epi ou bay CSPOA a li. Rele 347-396-7205 pou jwenn fòm sa a. Nòt: Menm si ou deside anile konsantman w, pwofesyonèl swen sante ki te deja gen enfòmasyon w yo pa bezwen retire l nan dosye yo.

8. Kijan pou mwen gen yon kopi fòm sa a?

Ou kapab jwenn yon kopi fòm sa a apre ou fin siyen l.